



Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON AK FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM  
RAYISANS LAN POU ASISTE NAN ANKÈT SOU GRAFITI ANTISEMIT  
SOU BWAT POSTAL LA NAN BAY RIDGE**

"Mwen santi m degoute pou m aprann ankò yon lòt ensidan twoublan sou Antisemitis nan Eta nou an, fwa sa a avèk mo 'Touye Tout Jwif', 'Izrayèl' ak 'Mario Cuomo' te ekri sou yon bwat postal nan Bay Ridge, Brooklyn. Diskou pou rayisans ak langaj menas pa gen okenn plas nan Eta nou an, epi nou te ranplase bwat postal la imedyatman avèk youn ki nèf apre yo te repòte grafiti a.

Nou Di Se Ase. Nou rive nan yon pwen kritik epi zak vyolans meprizab sa yo dwe sispann. Nou pa pral fè bak nan konba sa a kont entolerans ak prejije, epi nou pral kontinye lite kont moun sa yo ki ap simen langaj rayisans epi ki eseye repann lapèrèz nan tout Eta nou an.

Kòm Nouyokè epi kòm yon nasyon, nou dwe denonse Antisemitis ak rayisans nan tout fòm li yo. Mwen ap bay enstriksyon ak inite kont Krim Rayisans Lapolis Eta New York la pou asiste NYPD a nan ankèt sou ensidan sa a epi pou bay tout resous ki nesèsè pou pouswiv lajistis sila yo ki responsab.

Fas ak ensidan kontini sa yo ki ap dechire tisi Eta nou an, nou ap fè tout sa ki nan pouvwa nou pou asire sekirite ak tretman egal kontini pou tout Nouyòkè".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)